Ассаламу гIалайкум
# АХИХЪАН

№ 48 (7449)
10 декабрь
2020 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## КIвар бугел суалалгун



Дагъал церегIан къоязда муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадовас тIобитIана иргадулаб аппаратальулаб данделъи. Гьенир рорхана гIемерал кIвар бугел суалал: районалда эпидемиологияб ахIвал хIал, налогал ракIари, школазда ва ясли-ахазда цIа-кан бахиналъул режим хъаравуллъиялда гъоркь чIезаби, госпрограммабазда рекъон районалда бакIал рай ва цогидалги.

Налогал ракIариялъул суал гъоркьоб лъолаго ГIиса НурмухIамадовас кIвар кьуна лъагIел ахиралде щолеб букIиналде ва хIалтIи планалда рекъон гьабизе ккеялде. Экономикияб отделалъул нухмалъулев Муслим ГIадуевасул рагIабазда рекъон районалда налогал ракIариялъул иш хIалуцадго унеб буго. Гьедин ракьул налогал ракIариялъул план тIубан буго 90 процентальт.

БакIал раялъул, район газидалъун хьезабиялъул, пачалихъалъул ва республикаялъул программаби гIумроялде рахъинарилъул бицана бетIерасул зам. Хъ-М. ГIабдулхаликъовас. Гьес бихьизабуна районалда гьанжеялде хIалтIизабизе кьунин, 85 млн. гъурущ тIад харж гьабураб I3 объект, кьезе хIадурулеб руго жеги 9 объект, гьезда хурхун хIалтIаби хIалуцадго унел ругин. Лъай кьеялъул учреждениязда буго хIалалъул бицана районалъул бетIерасул зам. ГI-М. МухIамадовас. Школалгун ясли-ахал хIалтIулел руго церего гIадин, амма унтарал учительзабазул яги лъималазул къадар цIикIкIани гьаризе ккола хехал тадбирал, рачине ккола манзилалда лъай кьеялъул къагIидаялде.

«Гьаб заманалда врачалги учительзабиги ккола сахлъиялъе хIинкъи цIикIкIарал гIадамал. Нилъеца кинабго гьабизе ккола гьезул сахлъи цIуниялъе»,-ян абуна ГI. МухIамадовичас.

Рорхана цогидал суалал. Иш тIаде кколезе кьуна тIадкъаялги.

## ГурхIел-рахIмуялъул акция




3 декабралда дунялалдаго кIодо гьабула халкъазда гъоркьосеб инвалидазул Къо. ГIадат хIисабалда, гьеб къоялъ цIикIкIараб кIвар кьола гIажизал гIадамазул захIмалъабазде, гьезул мурадал ва ихтиярал цIуниялде, гIумроялъул рукIа-рахъин лъикIлъизабиялде.

Районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул хIаракаталдалъун 7 декабралда райадминистрациялда букIана Хунзахъ ва Унсоколо районазул канлъи дагьлъиялдалъун гIажизлъаразе кумек гьаби мурадалда тIобитIулеб гурхIел-рахIмуялъул акция.

ДандчIваялда гIахьаллъана районалъул бетIерасул зам. ГI-М. МухIамадов, финансазул отделалъул нач. Ж. Шамсудинов ва цогидалги.

Акциялъул гIахьалчагIазе гурхIел-рахIмуялъул кумек гьабуна квана-гьекъолел жалазул наборал кьеялдалъун.

Гьединал акциязул аслияб мурад ккола - гьел обществалда киназдаго ращадал, жидер ихтиярал цIунарал гIадамаллъун рукIин гьезда бичIчIизаби.

## Наркотикал тIиритIунгутIиялъе



Гьал къоязда Шамильхъала СОШалда тIобитIана наркотикал хIалтIизариялде ва тIиритIизариялде данде ч1араб данделъи. Гара-чIвари гьабуна 8-II классазул васазулгун. Гьенир гIахьаллъана Дагъистаналда бугеб ЭКЦ МВДялъул бетIерав специалист-эксперт Э. Давыдов, РДялъул МВДялъул ОУ УКОНалъул вакил М. БагIачилов, Унсоколо районалъул МВДялъул ОУРалъул вакил, полициялъул капитан А. Шахов, районалъул санazде рахинч1езда гъоркьоб хIалтIи гьабиялъул ва гьезул ихтиярал цIуниялъул рахъалъ вед. специалист Ш. КъурбангIалиев, школалъул нухмалъулел ва цогидалги.

Данч1ваялда лъималазда бицана наркотикал хIалтIизариялъул зараялъул, гьелъул хадур ккезе ругел хIинкъи цIикIкIарал хIасилазул. Гара-чIвари ана киназего интересаб хIалалда.

## Баркула гьаюраб къо!



Гьал къоязда жиндирго гьаюраб къо кIодо гьабулеб буго районалъул ЦРБялъул бетIерай врач, унго-унгояй гIадан, махщел камилай тохтур, лъикIай нухмалъулей – МухIамадова ГIайшат МухIамадовналъ.

РакI-ракIалъ баркула Дуда, ГIайшат МухIамадовна гьаюраб къо! Гьарула Дуе щулияб сахлъи, рохел, Дур бигьаяб гуреб хIалтIулъ цIиял-цIиял бергьенлъаби! Биччанте Дур рахIат лъалареб захIмат,тIадегIанаб махщел, рекIел хинлъи, унтараздехун бугеб хIалимлъи ва хIасил кьолеб хIалтIи ТIадегIанас къабул гьабизе!

Гьарула Дуда сверухъ ругезул сахлъи цIуни гуребги Мунгоги цIуне,-ян! Гьаб захIматаб заманалда Дуца бихьизабуна Дурго ишалъулъ тIадегIанаб махщел, нухмалъулесулъ рукIине ккола киналго качестваби.

Баркала Дуе, Дур бигьаяб гуреб хIалтIухъ!

**«Унсоколо район» МОялъул бетIер**
**ГI. НУРМУХIАМАДОВ,**
**Администрациялъул коллектив.**
**Районалъул Собрание, ЖамгIияб палата.**

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 48 (7449)
Хамиз
10 декабрь 2020 сон



**РДялъул бетIерасул ишал тIуралев С. Меликовас гьал къоязда цIар чIвана ва Халкъияб Собраниялде разилъи тIалаб гьабун битIана Дагъистаналъул премьер-министрлъун ГIабдулпатахI ГIамирханов тIамиялъул суалги лъун. Регионалияб парламенталда тIадаб буго анкьил болжалалда гьелъие жаваб кьезе.**

**Гьелде щвезегIан ГI. ГIамирхановас нухмалъи гьабулеб букIана РДялъул Росимуществалъул управлениялъе.**



ДАССР гIуцIаралдаса 100 сон тIубаялде

# ГьаракIуни колхозалда заралчилъиялъул хIасил

ГьаракIуни колхоз гIуцIун чанго сон бана, гьеб колхоз большевикияб лъун, колхозникал рес бугеллъун гьаризе бокьахъе гIатIидаб рес буго.

Районалда бищун гIемераб гIи, бищун лъикIал мугIрул, гъутаби гьеб колхозалъул руго. Цо росдадаса нахъе кколареб ахихъанлъи, чIахIияб боцIи гьезул руго, кадраби цогидал колхоздасаги гьезул лъай бугел руго, хIасил кинабго къваригIараб гьезул буго. Амма колхоз багъа-бачарулеб гьечIо, бох бекарав чи гIадин чIун хутIун буго, соналдаса соналде нахъе кколеб буго. Колхозниказул колхозалда хIалтIизе гьира балеб гьечIо. Гьелъие гIилла щиб кколеб? Гьелъие гIилла баянаб буго. Гьенир хIалтIулел руго заралчагIи, колхоз цебе тIезабизе кколеб бакIалда гьеб нахъе ккезабулел гIадамал. Гьеб колхозалде бетIерлъуде рорчIарал гIадамаз жидерго хIакимлъиялдаса пайдаги босун, колхозалда гьабичIеб нахъе жо толеб гьечIо.



Колхозалъул председатель МухIамадов ГIабдулхIамид, гьесул зам. Жамалудинов КъурамухIамад, ОТФялъул зав. М. Асиятов, М. Мансуров ги колхозалъе лъикIлъиялъе хIалтIичIо, гьеб гьоркьан биххизабиялъе хIалтIун гурони. Гьез ургъунго, жидеда лъалаго хвезабуна росдал магIишаталъул артелалъул мисалияб устав.

I938 соналъ колхозниказул гIаммаб собрание гьабун буго 7 нухалъ. Гьел собраниязда рукIун руго кIвар бугел колхозалъул членал рехи, колхозалде роси ва жидерго колхозалъул устав къабул гьабиялъул суал. Росдал магIишаталъул артелалъул мисалияб Сталинилаб уставалъул VII абилеб бутIаялъул 29 пунктаялъ баянго бихьизабун буго гьединал суалал гьоркьор лъолаго собраниялда гIахьаллъи гьабизе ккей колхозалъул тIолго членазул бащадалъ, гьединго чанго суалазе лъабго бутIа гьабун кIиго бутIа членаз гIахьаллъи гьабичIони собрание хIакъикъияблъун рикIкIунарилан. Амма гьерекIдерил колхозалъул гьел кIвар бугеб суалал гьоркьор лъолаго членазул 24 проценталь ва цо нухалъ 35 проценталь гIахьаллъи гьабуна. Гьел закониял гурел собраниябазул хIукмаби тIуразаризе лъугьана ГьаракIуни колхозалъул правление. Жидеего бокьухъе сметаялда ругел статьяби хисизарун расходал гьарун руго.

Артелалъул мисалияб уставалда баянго абун буго «Артелалъул правлениялъ гIарац расход гьабизе бегьуларо цохIого сметаялъ рихьизарурал статьябазда рекъон гурони, расходалъул цо статьялдасан цогидаб статьялде гIарац бачине правлениялъул ихтияр гьечIо ва расходалъул цо статьялдаса цогидаб статьялде гIарац рехизе ккани правлениялъ членазул гIаммаб собраниялдасан изну гьаризе ккола»,-ян.

Уставалъул гьединаб баянаб бихьизабиялдасан галиги тIамун ГьаракIуни колхозалъул правлениялъ шоферасе I35 гъурущ, зав. яслиялъе 630 гъурущ гIарац кьун буго батIи-батIиял статьябаздасан, сметаялъул членазе доходалъе кьезе бугеб гIарцудасан, I3 статьялдасан. Амма культ. пункт щибго расход гьабичIого буго, гьел статьяби хисиги гьабун буго правлениялъ лъидаго гьикъичIого, жидецаго. Лъалеб жо буго гьединал тIасан кIанцIияз, хIехьезе бегьуларел хIалтIабаз хьачIаб къагIидаялъ росдал магIишаталъул мисалияб устав хвезабураб гIадин колхозалъул демократия хвезабиги, гьеб уставалде дандечIей гьабураб гIадин колхозалъул демократиялда данде чIей гьабиги.

МахIадов ГIабдулхIамидида тIаде ккун буго 400 кг. цIоросаролъил, гьеб растарат лъабго нухалъ гьесда тIаса списат гьабун буго членаздаги гьикъичIого.

I937 соналъ гъутаналда бецараб 2I8 тонна 3I00 гъурщиде харил разбазар гьабун буго.

МагIарухъ 700 къоги кьун гьабураб 35 тонна харил тIагIинабуна, гьелдалъун 6300 гъ. зарал ккана.

I937 соналъ колхозниказухъа 4 гьобо босун буго, гьебги хвезарун жакъа колхозалъул цIоросаролъ ххине Къудукье хьвадизе кколел руго. Гьел гьабаздалъун колхозалъе ккун буго 462,60 гъ. зарал.

I937-38 саназ цогидал гIисинал хIайванал малъичIого 60 чIахIияб хIайван хун буго, гьел хвезе теялъул зарал малъичIого гьезухъ страхкассалдаса бачIине букIараб 650 гъурущ босичIого гьоркьоб инабун буго.

Пачалихъалъ боцIи цIикIкIинабиялъе биччараб кредит мекъи сверизабун буго. I937 соналъ биччан буго 8500 гъурущ кредит, гьеб кредит солхозалъул правлениялъ боцIи цIикIкIинабизе биччачIого колхозниказе авансалъе кьун буго, гьеб нахъ буссинабунги гьечIо. I938 соналъ биччараб I2000 гъурущ кредиталъул копекги босун гьечIо.

Гьелдалъун колхозалъул боцIуе ралел бакIал, гъутаби ва цогидабги раялъе щибго хIалтIи гьабун бажаричIо.

РечIчIулел гIачи, зоотехникас бихьизабухъе хьихьичIого, 80-90 гIака гIемерисеб мехалъ цохIо доярка Тавусихъ теялдалъун ва бикъа-хъами букIиналдалъун I937 соналъ хIан-нахалъул колхозалъе зарал ккун буго 8760,90 гъурущ, I938 соналъ гьелдасаги цIикIкIун ккун буго. I937 соналъ гъутаби къачIазе хIадур гьабун букIараб материал: 5000 кирпич гьединго хъарщи-цIул гъутабиги гьаричIого, цIадакь-бакъукь тун хвезабиялдалъун колхозалъе ккун буго 7340 гъурущ зарал.

Колхозалъ I937 соналъ 8 сажин цIулал гьабуна, гьелъул расход кибего гьабичIо, гьелдалъун I980 гъурущ зарал ккун буго. Колхозалъул автомашина хвезегIан хIалтIизабун буго, амма гьелъухъ колхозалъе цо копейкги гIарац бачIун гьечIо. Шофер Жамалудинов МухIамадида тIад I7000 гъурущ растаратги букIаго колхозалъул председателасул зам. Жамалудинов КъурамухIамадица тIадеги Буйнакскиялда гьев шоферасухъе I300 гъурущ гIарацги колхозалъул печатги кьун буго. I0-I5 къойидасан печатги эхеде битIун буго. ГьабсагIатги гьев шоферасе моцIрое 30-30 къо кьолебги буго.

Рекьул кампание хвезабуна. Колхозалъ I937 соналъ гъутаналда бекьун буго I2 га цIоросаролъил, гьелъул 3 га хун буго, жаниса лъим багъаризе течIого, 3 га хун буго лъимги тIамичIого, хутIарабги нахъе босичIого боцIуца хвезабун буго. Колхозалъе цо кг. цIоросаролъил I2 гъурущалде ккун буго. Колхозалъ гьарпуз бекьун буго 3 гаялда. Гьелъухъ колхозалъе 500 гъурущ щун буго, бетIергьанчи гьечIеб гIадин гьабиялъ. Рекьиги ракьги къачIачIого, даруги гьабичIого, хьонги хьан гьабун буго.

I938 соналъ пихъ бакIари: чIахIияб курак бакIаризе кколаан 74 тоннагин 430 кг. БакIарун буго 3I тоннаги 2I8 кг., камун буго 43 тоннагин 824 кг., гьелдалъун 31112 гъурущ зарал ккун буго.

ГIисинаб курак бакIаризе кколан 8 тонна 66 кг,. бакIарун буго 2 тоннагун 824 кг,. гьелдалъун 903 гъурущ зарал ккун буго.

Кукан бакIаризе кколаан 8 т. 9I0 кг., бакIарун буго 5 тоннагин 745 кг., гIоларо 3 тоннагин 765 кг., гьелдалъун зарал ккун буго I355 гъурщил.

Кинабниги пихъил туризабун, бичIун, ракьулъ гундбухъе бан, бетIергьанчи гьечIолъиялдалъун камун буго 49 тоннагун 80I кг., гьелдалъун колхозалъе зарал ккун буго 3337I гъурущ, пачалихъалъе пихъ кьеялъул план тIубан буго 44 проценталь.

Колхозалда кинабниги растарат буго II774 гъ. II копеек гIарац. МахIадов ГI. I440 гъ. 73 к. М. ХIусенида II9I гъ. 50 к. ва гь. ц.

Цоги цIакъго-цIакъ гIажаибаб факт, правлениялъ кинабго къайиги цадахъ бугеб лъикIб чода лъолеб кьили гьабун буго 50 гъ. багьа. ХIамида лъолеб тIенкелалъул гьабун буго 86 гъурущ багьа. Нахъияб къоялъго кьили тIагIун буго, амма кьолохъ 50 гъурущ гурони бецIизе ккун гьечIо. Гьебги гурищха ургъунго заралчилъи гьабиялъул гIаламат.

Кьезецин кьечIел 26 колхозникасе I239 гъ. аванс къураблъун хъван буго щалго гурел подписалги гьарун. Авансги щвечIого колхозникалги руго. I937 соналъул доход жеги бикьун лъугIун гьечIо.

5 моцIалъ колхозниказе къоял хъван гьечIо, цониги бригадирасеги хъван гьечIо гьел. Гьеле ГьаракIуни колхозалъул правлениялъул сипат. МухIканго баянаб гьечIищха гьединал вредителал колхозалъул правлениялда рукIаго колохозалъул хIалтIи цебехун туркIунгутIи. Колхозалъул бетIерлъуда заралчилъиялъул хьуцI лъугьун буго.

Гьалъул хIакъалъулъ Унсоколо прокуратураялда чанго сигнал ва документал рукIана, амма гьел гьезул хьолбохъан ана, кколеб хIалтIи гьелда тIадги гьабичIого. КъваригIун буго ГьаракIуни колхозалда жаниса заралчилъиялъул хIасилал кьалбал рахъун лъугIизеги гьабун, колхоз больщевикияблъун, колхозникал рес бугеллъун гьаризе. Прокуратураялъеги къваригун буго колхозалда хехаб къагIидаялъ кколел тадбиралги гьарун заралчагIи къвакIараб жавабчилъиялде ахIизе.

**«Унсоколо колхозник»**
**1938 сон**

Ахихъан
Районалъул газета
№ 48 (7449)
Хамиз
10 декабрь 2020 сон

3 гьумер

Садовод

Страница в номере




# Чтобы не омрачить праздник!

Фейерверки, салюты, петарды, хлопушки и бенгальские огни — наверное, самые популярные товары перед зимними праздниками. В составе этих приспособлений зачастую содержится порох, химические добавки инекоторое количество металла, что делает их не самыми безобиднымиразвлечениями.

Неисполнение правил эксплуатации или истекший срок годностипиротехники, а также оказавшиеся поблизости легковоспламеняющиесяматериалы могут стать причиной пожара или другого несчастья.

Нарынкахилинаулицемогутпродаватьнекачественныйиопасныйтовар,поэтому приобретать пиротехнические изделия стоит только вспециализированных торговых точках. Помните, что пиротехника непредназначена для детей — покупать и использовать ее могут толькововзрослые.

Обязательно проверяйте наличие сертификатов соответствия и пожарнойбезопасности, целостность упаковки и срок годности продукта.

В инструкции по эксплуатации должны быть описаны не только безопасныеправила применения изделия и его утилизации, но и условия хранения, ограничения при использовании и действия в случае внезапного возгорания.

Запрещается взрывать фейерверки, фонтаны или салюты в помещениях, местах большого скопления людей, вблизи от автозаправок, линий электропередач или газопроводов. Для запуска выбирайте открытую площадку, находящуюся в отдалении от жилого массива.

Необходимо четко следовать инструкции по эксплуатации и отходить на достаточное расстояние после поджигания. Существует несколько общих равил обращения с пиротехникой:



*будьте внимательны и не позволяйте несовершеннолетним самостоятельно поджигать снаряд или находится в непосредственной близости от него во время его запуска;

*храните фейерверки и салюты в недоступном для детей и домашнихживотных месте, не носите пиротехнические изделия в карманах;

* если ракета не запустилась, не стоит проверять причину этого слишком рано. Выждите десять минут, после чего аккуратно залейте несработавший снаряд водой и утилизируйте его вместе с остальным мусором. Неподжигайте прогоревший фитиль повторно;

*если к вам в комнату залетела чужая ракета, не стоит ее ловить или тушить до полного прогорания.

Помните, что безопасность в Новый год напрямую зависит от правильного обращения с развлекательной пиротехникой.

# Муфтият призывает дагестанцев совершать все намазы дома

С учетом роста заболеваемости и смертности вследствие распространения новой коронавирусной инфекцией в Дагестане, руководством республики принято решение о введении дополнительных ограничений, в том числе на проведение богослужений с присутствием людей.

«В связи с этим Муфтият Дагестана призывает население соблюдать введенные санитарно-эпидемиологические ограничения и просит вас совершать все намазы дома.

Также просим не посещать мечеть на пятничный намаз»,

- говорится в сообщении Муфтията Дагестана.

Имамов населённых пунктов просят ограничить совершение Джума-намаза минимальным количеством людей и обязательным соблюдением всех норм и требований Роспотребнадзора. Исключение распространяется на сотрудников мечетей, а также лиц, присутствие которых необходимо для совершения богослужений и функционирования культовых зданий.

Муфтият призывает соблюдать вышеуказанные меры до улучшения санитарно-эпидемиологической ситуации в регионе и официального снятия введенных ограничений.

# Памятка для граждан о гарантиях бесплатного оказания медицинской помощи

**1 Как получить направление на стационарное лечение? Сроки ожидания плановой госпитализации.**

Направление на госпитализацию выдает лечащий врач при наличии показаний. Сроки ожидания специализированной медицинской помощи- 30 дней со дня выдачи направления на госпитализацию. Для пациентов с онкологическими заболеваниями сроки госпитализации не должны превышать 7 дней с момента установления предварительного диагноза.

**2 Как получить направление на МРТ, КТ, ангиографии?** Сроки проведения данных исследований. Медицинские показания для проведения МРТ, КТ исследований устанавливаются лечащим врачом. Отбор и направление для проведения исследования осуществляется врачебной комиссией медицинской организации в течение не более 2 рабочих дней. Срок проведения данных исследований – в течение 30 дней со дня выдачи направления.

**3 В какие сроки должны быть проведены необходимые диагностические исследования, УЗИ, рентгенографические исследования при наличии направления?**

14 дней со дня назначения диагностических инструментальных и лабораторных исследований при оказании первичной медико-санитарной помощи. Сроки проведения данных исследований в случае подозрения на онкологические заболевания не должны превышать 7 рабочих дней со дня назначения.

**4 В какие сроки должна быть оказана неотложная и скорая медицинская помощь при вызове?**

Не более 2 часов – срок ожидания бригады неотложной помощи с момента вызова и 20 минут – срок ожидания бригады скорой помощи с момента вызова.

**5 Как можно компенсировать затраты за исследования во время стационарного лечения?**

Компенсировать затраченные личные средства возможно при условии, если этот метод исследования входит в стандарт/клинический протокол обследования и лечения по Вашему заболеванию. Если вы уже заплатили за медицинские услуги на проведение исследований, необходимо сохранить чеки (или же другие платежные документы, подтверждающие оплату), чтобы потом обратиться в страховую медицинскую компанию с заявлением о рассмотрении вопроса о законности взимания денег и возмещения медицинской организацией.

**6 Справка формы - 086 для поступления в ВУЗ выдается платно?**

В год окончания школы справка выдаётся бесплатно, в последующие годы выдаётся платно.

**7 Какие пломбы ставятся на платной основе, какие бесплатно?**

Пломбировочный материал не оплачивается пациентом при получении медицинской помощи в рамках территориальной программы ОМС при соблюдении порядка оказания медицинской помощи (при наличии направления). В соответствии с Постановлением правительства РФ от 04.10.2012г. №1006 «Об утверждении правил предоставления медицинскими организациями платных медицинских услуг» медицинские организации вправе оказывать платные услуги, за исключением экстренной медицинской помощи.

**8 Удаление зубов при острой боли платное?**

Экстренная медицинская помощь оказывается бесплатно.

**9 Протезирование зубов платное?**

Протезирование зубов проводится на платной основе, т.к. не включено в базовую программу ОМС.

**10 При трудоустройстве на работу оформление медицинской справки платное?**

Да, оформление медицинской справки при трудоустройстве осуществляется платно. Или за счет финансовых средств работодателя

**11 Могу ли я прикрепиться к другой МО не по месту жительства?**

Да, можете в соответствии с Федеральным законом от 21.11.2011г. № 323-ФЗ «Об основах охраны здоровья граждан РФ» для получения амбулаторно-поликлинической помощи гражданин выбирает медицинскую организацию, в том числе по территориально-участковому принципу, не чаще чем 1 раз в год (за исключением случаев изменения места жительства или места пребывания гражданина). При согласии руководителя Вас прикрепят, при несогласии уведомят в письменном виде.

**12 Могу ли я поменять врача?**

Да, можете в соответствии с Федеральным законом от 21.11.2011г. № 323-ФЗ «Об основах охраны здоровья граждан РФ» застрахованные лица имеют право не чаще чем 1 раз в год (за исключением случаев замены медицинской организации) выбрать врача-терапевта, врача- терапевта участкового, врача-педиатра, врача-педиатра участкового, врача общей практики (семейного врача) или фельдшера путем подачи заявления лично или через своего представителя на имя руководителя медицинской организации (при согласии врача)

**13 Как можно получить квоту на высокотехнологичную помощь?**

Медицинские показания к оказанию высокотехнологичной медицинской помощи определяет лечащий врач медицинской организации, в которой пациент проходит диагностику и лечение.

Наличие медицинских показаний к оказанию высокотехнологичной медицинской помощи подтверждается решением врачебной комиссии по отбору пациентов для направления пациентов на высокотехнологичную медицинскую помощь. Вам необходимо обратиться к Вашему лечащему врачу.

**14 Медицинская организация предлагает оплатить обследование или лечение, назначенное лечащим врачом. Правомерно ли это?**

Если медицинская организация предлагает вам оплатить услуги, необходимо обратиться в страховую компанию, выдавшую полис ОМС (телефон указан на полисе ОМС) и удостовериться, что данная услуга действительно может быть оказана только на платной основе. Если вы уже заплатили за медицинские услуги, необходимо сохранить чеки (или же другие платежные документы, подтверждающие оплату), чтобы потом обратиться в страховую компанию с заявлением о рассмотрении вопроса о законности взимания денег. В каждом случае, когда предлагают оплатить медицинские услуги, необходимо в первую очередь получить консультацию по данному вопросу в страховой медицинской организации, выдавшей страховой полис ОМС.

**15 К кому можно обратиться за содействием, если лечащий врач районной поликлиники отказывается направить пациента, застрахованного по ОМС, на консультацию и диагностическое исследование в специализированное мед. учреждение города?**

Необходимо обратиться к главному врачу поликлиники, заместителю главного врача по лечебной работе, к заведующему отделением, в страховую медицинскую организацию, застраховавшую вас по обязательному медицинскому страхованию.

**16 Как я могу получить полис ОМС, если утерял старый?** Для получения дубликата полиса ОМС необходимо обратиться с заявлением о переоформлении полиса в связи с утерей в ту же страховую медицинскую организацию, где ранее был получен полис ОМС. С 2020г. на территории РД функционирует одна страховая медицинская организация филиал АО «МАКС-М» в г. Махачкале.

**17 В каких случаях необходимо переоформление полиса ОМС?**

Переоформление полиса необходимо при: 1 изменении ФИО, даты рождения, места рождения застрахованного лица; 2 установлении неточности или ошибочности сведений, содержащихся в полисе.

**18 Может ли за меня получить полис другой человек? Какие документы для этого нужны?**

Представителю необходимо обратиться в выбранную вами страховую медицинскую организацию с заявлением, вашим паспортом и страховым номером индивидуального лицевого счета. Также предъявить свой документ, удостоверяющий личность и доверенность на получение полиса ОМС, оформленную в соответствии со ст.185 Гражданского Кодекса РФ.

**Буйнакский филиал ТФОМС**

# ГIишкъул ах

## (ХIакъикъияб къиса)

ГIага-шагарго нусго соналъ цебе Унсоколо росулъ, батIи-батIиял хъизамазе гьаруна лъимал-ясги васги – ПатIиматги ХIусенгъазиги. Абула гьел гьариладдего цоцазе рижун рукIанин. Унел рукIана санал, гIолел рукIана лъимал. Бекерун ана гьезул лъимерлъиялъул санал. Щвана тIаде гIолохъанлъи. Заман щвана гьел рукъалде руссинаризе. Ургъалилъ рукIана васасул умумал, ине кколел рукIана ресалда ругел эбел-инсул яс гьаризе, хIинкъун рукIана рухIалдасаги васасе йокьулей яс ПатIимат эбел-инсуца кьечIони щибдай гьабилеб абун. Кин букIаниги рес букIинчIо гьеб къавулъе таваккалалъул гали тIамичIого. Нечадго лъугьана ясалъул эбел-инсул рокъоре, амма хIинкъи гIададисеб батидал рохалие гIорхъи букIинчIо васасул эбел-инсул. Цо кIудияб дандечIейго гьечIого разилъана ясалъул эбел-эмен гьеб ригьин гьабизе. БатIияса букIине ресги букIинчIо. Лъалаан ПатIиматил эбел-инсудаги жидерго ясалъул анищ. КигIан балъго гьабизе лъугьаниги, эелалъул ракI махсароде кквезе кIолеб букIинчIо ПатIиматида. Гьединлъидал цо къоялъ эбелалъе рагьун букIана ясалъ жиндирго балъголъи. БукIана кIиялго данд гьарураб бертин. Рохалил гIорхъи букIинчIо гIолохъанал рос-лъадул. Росдадаго лъалан гьезул цоцадехун бугеб рокьул. Цебе кIудияб рогьолъун букIана руччабазул хIалтIи бихьиназ, бихьиназулхIалтIи руччабазгьабуразе. Амма цоцада барахщиялъ, гурхIиялъ, адаб-хатиралъ бикьун букIинчIо гьез рукъалъул магIишаталъул хIалтIи. Цадахъ рекъон бачунеб букIана кинабго магIишат. Масала, лъиданиги ракIалде кколароан ХIусенгъази гIеретIги босун лъел цIезе вачIиндал гьев махсароде кквезе, Лъицаниги абулароан ясалда росасда цадахъ жидерго ахикье унеб мехалъ, «гьеб дур иш гуро, мун рукъалъул хIалтIи гьабулей йикIа,-ян». Киназдаго лъалаан ва адаб гьабулаан гьезул цоцадехун бугеб рокьул.

Цебе бечелъилъун букIана гIалахалда гIиги, магъилъ ах-хурги. БукIана гьезулги жидерго умумазул батараб ракьул бутIа. ГьабсагIаталдаги буго гьеб ансадерил Гадайикь абулеб бакIалда, жиб нилъее абадияб нугIлъун бугеб, гьез къучI лъураб ахил хутIелал.

Данделъун гIемер заман баледле ракIалде ккана гьесда гьеб ах цIи гьабизе. КигIан росас гьараниги чIолароан ПатIимат рокъой. Гьей хIинкъун йикIунаан рос живго цохIо виччазе, барахшун йикIунаан гьесда, «Щиб лъалеб, аскIой дун гьечIони захIматаб хIалтIи гьабизе бегьулари гьас, цадахъ йигони бажарила дихъа гьав цIунун»,-ян ракIалде кколеб букIана чIужуялда. КIудияб дандечIей росасулги букIунароан, чIалгIун рукIунаан тIубараб къоялъ цоцадаса ратIалъун ругони.

КIиго бетIерги рекъон ункъго квер цадахъ хIалтIараб ахицаги рази гьарулел рукIана гьал. Абула исана чIараб гъветIалда тIасияб соналъ пихъ бижулаанин гьезул абун. Цо ихдалил къоялъ ахикь рукIана кIиялго, рукIана цIияб чIараб гъветIалъе хъулухъ гьабулел. Гьуинаб хабаралдаса хадуб «Дун цойги нухалъ лъел цIезе ина лъарахъе»,-ян абуна ПатIиматица. «Цадахъ рилъина»,-ян ХIусенгъазица абуниги рагIичIеб ххвелги гьабун лъарахъе лъугьун ана ас. Ахил тIарада лъел цIун гIеретIги ячIуней ПатIиматихъ валагьун гIорцIуларого вукIана гьав. Ахил бакьулъе щолаго свак буссине лъалхъана ПатIимат. Бихьана росасдаги хъизан гIодой чIолей, бихьана гьелъ гьурмадаса гирун унеб гIетIул горо квербацIалъ бацIцIунеб. БухIун бахъана росасул ракI. «ЦIеларо ПатIимат дуца тIокIалъ лъарахъа гIеретI, гириларо дур гьурмадаса тIокIалъ гIетI»,-ян ракIалде ккана ХIусенгъазида. ГIемераб заманаялъ сверухъе, зодове валагьун цо кинабалиго пикруялда тIад ургъулев вукIана гьев. Гьениб ракIалде бачIана гьесда гIасияб, вахIшияб гьебго заманалда гIадалаб пикру. Зодове валагьарав гьесда бихьана гIассияб кьуру, кьурулъан чвахулеб Ругьулъ лъар. Кьурул тIасияб кIалалда бугоан цо тIеренабго сирт. Гьеб сирталда къед бани бачIинеги бегьулагури ахикье лъим,-ян абураб пикру букIана ботIролъ ххенолеб. ТIаде щвана гIеретIги цIун ПатIимат. Воха-хинлъун гIодов чIун тарав рос ургъалилъе ккун ватана гьелда. Кинан тIаделъаниги бицинчIо ХIусенгъазица ПатIиматида жиндирго планалъул. Кин бугониги руссана рокъоре. Ахикье лъим бачIинабизе бугеб жиндирго анищалъ рахIат толеб букIинчIо гьесие. Квеш-лъикI бицун кIвана гьасда



ПатIимат нахъияб къоялъ рокъой чIезайизе, гьесда лъалаан цадахъ йилъани чIужуялъ гьеб пикруялде нуцIа къазе живго тIамулеблъи. «Биччанте гьеб гьелъие сайгъатлъун букIине, йохизе те гьей ахикье чвахараб лъедаса»,- абурал пикрабаз бичIчIизе толеб букIинчIо гьесда хIинкъи цIикIкIараб ишалде гали тIамулеб букIин.

Ана къо, лъугьана дагьабго хIалтIи. Рохалил гIорхъи букIинчIо гьесул. Рокъове щвелалде данде ячIана гьесда хъизан. Щиб ккараб, кин бугеб нилъер ахан кьолел суалазе данде гьереси бицунеб букIана гьас.

Хадусеб къоялъги регIана ПатIиматица рос ахикье. Амма ракIалъ гьелда бицинчIо гьев чIаго ахирисеб нухалъ вихьулев вукIиналъул. Ахикье щваравго жиндирго ишалде тIаделъана ХIусенгъази. Цо-цоккун гамачI лъолаго борхун унеб букIана къед, цебехун унеб букIана хIалтIи. Гьедин хIалтIулаго ана чанго къо. «Гьанже ячине бегьула ПатIимат цадахъ лъалъадизе»,-ян ракIалде кколеб букIана гьесда. Амма… Иргадулаб гамачI лъолаго хуштIана гьесул хIетIе, бортана кодоса гамачI, ватIалъана кьурдаса, ана гъоркье, балагьун бер щолареб кIкIалахъе. ВуссинчIо гьев рокъове, рухIгIан жиндие хирияй лъадухъе, вортана чIахIиял гамачIалъе, гьениб батана гьесда хвел… Абула гьаваялда вукIаго цо щибалиго ахIанин гьесан. Щибго щаклъи гьечIо гьеб ахIи «ПатIимат!» букIиналда.

Рос кватIулев вукIиналъ рахIат хун йикIана ПатIимат. «Заман щвана, щай вачIунарев?» абураб пикрабигун чанго нухалъ щвана гьей къотIнобе балагьараб кавуялде кIалтIе. ВачIана гьев росулъе кидаго гIадин разияб гьумергун гурев, росдал молодаги лъун. Восун вачIана росдал мажгиталъуве. Лъиданиги кIолеб букIинчIо чIегIераб хабар ясалда бицине. Балъго тIубалареб хабар бицине тIаде ккана гьезул ригь арай мадугьал ГIайшатиде. Ургъалилъе ккарай мадугьал щвана ПатIиматихъе. Щиб абилебали, кинан бицинеяли лъаларого гьалгъан хутIана мадугьал гьелда бер чIвайдал. Кин бугониги бицинчIого рес букIинчIо.

Балагьун гIорцIичIин чIегIерал берахь,
ПатIи гIарцул рачел къай къоролай лъазе,-ян

абуна ГIайшатица ясалъухъги балагьун. Гьениб ккана гIажаибаб иш. Киназдаго ракIалде кколеб букIана йиха-хочун, чIичIидун къабул гьабилин гьелъ гьеб кьогIаб хабар,-абун. Амма, гьелъул гIаксалда, сабруялда, иманалда гIенекана яс мадугьалалъухъ. «Рецц дуе буго Аллагь, ниж гьабгонияб заманаялъ цадахъ тарал, лъие кьураб дие гIадаб талихI росулъ, лъиениги кьечIо, дунги кватIиларо нахъойги мунгун дандчIвазе, гьаб нухалда даимго цадахъ рукIине»,-ян щурана ясалъул кIутIбуз. Лъиданиги бичIчIулеб букIинчIо ясалъул гьеб каламалъул магIна.

Хвел букIун ана дагьалго къоял. Цо къоялъ радал къачIана гьей жидерго гIищкъудул ахикье сапаралъ. Лъица, кинан абуниги кквезе кIолей йикIинчIо гьей гьеб сапаралдаса. Эбелалъул гьариялъеги гьелъ жаваб къуна:

ЦIудул милъир хъвачIеб чаран кьурулъан
Чодуй нух гьабурав дир ХIусенгъази,-

абун. Гьел рагIабаз бицунеб букIана лъица щиб абуниги гьелда гьел рагIулеб гьечIолъи. Росу тарабго нахъ юссун ялагьана жиндир гIорхъи гьечIеб талихI жаниб батараб гIагараб росулъе. Гьеб балагьи букIана гьелъул росдалгун къо-лъикI гьабиялъул гIаламатлъун.

Щвана ПатIимат цо дагьал церегIан къоязги жиндицаго лъел цIолеб букIараб лъарал рагIалде. Хъудулеб букIана кидаго ццидал цIураб ГIинтIи лъар, гьелда гъорлъе жубалеб букIана роцIараб бацIадаб, Ругьулъ лъарги. ГIодой чIана яс кIиябго лъар жубалеб бакIалда, гIодой чIана ахирисеб нухалъ. Гьелда бихьулеб букIана лъоба кьурул тIарада бугеб, жидерго талихIаб къисматалъе ахир лъураб, балагьалъе батараб къед. ГIодоб букIана рухIалдаса жиндиего хирияв росасда хвел батарал ганчIазул цIураб кIкIал. Унел рукIана сагIтал. КъапичIого ялагьун чIун йикIана гьей къадахъ. ПатIиматида бихьулеб букIана жийго гIумроялъ толей йикIин. РагIалде щолел рукIана ясалъул сагIтал, хадур минутал. Рихьулел рукIана гьелда цересан рорханхъулел ругел хIанчIи, амма рагIулеб букIинчIо гьезул сас. Жеги чанго минут, свине байбихьана берзул канлъи. Циндаго гьелъул бер речIчIана бацIцIадаб Ругьулъ лъараца босун бачIунеб берцинаб тIегьалда. Заманго иналде гьеб гъорлъ жубана хIабургъараб, чIегIераб кьералде сверараб ГIинтIи лъаралъе. Цин букъун цинги къватIибе баккун босун унеб букIана тIегь. Цойидасан букъун араб тIегь тIокIалъ къватIибе баккичIо. Къанщана ПатIиматицаги берал тIокIалъ рагьунгутIизе. Шапун ана гьей аскIоб бугеб ганчIидехун. КъотIана кIутIбузул хIухьел.

Чвахулеб букIана цебесан кIиябго лъар, хъудулеб букIана гьеб щибго вахIшияб иш жиндир рагIалда ккечIеб гIадин. ЛъикI балагьун пикру гьабуни, ракIалде ккола гьаб бугин гIумроги хвелги, гIищкъоги гIажалги гьорлъ жубалеб бакIан.

Жакъаги абадиял нугIзаллъун нилъее балагьизе, пикру гьабизе хутIун буго доб кьурулъ бараб балагьаб къедги, къадал риххун хутIарал ахил махлъалги. Амма гьелда гьанже гIищкъудул ахилан гуреб ХьарахIожол ахин абула.

**ГЪ. НУРУДИНОВ**


Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация Унцукульского района

Главный редактор
КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 9. 12. 20 г. 17.00
фактически -18. 00 мин.

Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.